

<b>day-neutral plant</b>	<b>plant jou net</b>	plant ki pa bezwen yon fotoperiyòd espesifik epi ki ka kòmanse pwosesis flerezon an an sou divès dire lannwit.
<b>decibel</b>	<b>desibèl</b>	inite pou entansite son; abreviasyon an se dB.
<b>decomposition reaction</b>	<b>reyaksyon pa dekonpozisyon</b>	reyaksyon chimik kote yon sibstans dekonpoze an de (2) oswa plis sibstans.
<b>deflation</b>	<b>deflasyon</b>	yon kalite ewozyon ki fèt lè van an soufle sou sediman detache yo, retire ti patikil yo epi kite sediman ki pi gwo yo d
<b>deforestation</b>	<b>debwazman</b>	destwiksyon ak abataj forè yo—souvan pou jwenn tè pou eksplwatasyon min, wout ak patiraj pou betay—sa ki lakòz ogmantasyon nivo CO <sub>2</sub> (dyoksid kabòn) atmosferik la.
<b>dendrite</b>	<b>dandrit</b>	estrikti newòn ki resevwa mesaj epi ki voye yo nan kò selilè a.
<b>density current</b>	<b>kouran dansite</b>	modèl sikilasyon nan oseyan ki fòm lè yon mas dlo lanmè ki pi dans antre anba dlo lanmè ki mwen dans.
<b>density</b>	<b>dansite</b>	dimansyon mas yon objè divize pa volim li.
<b>deoxyribonucleic acid</b>	<b>asid deyoksibonikleyik</b>	yon kalite konpoze byolojik esansyèl yo jwenn nan nwayo selil yo ki kode ak estoke enfòmasyon epi ki kontwole pwodiksyon ARN (asid ribonikleyik).
<b>dependent variable</b>	<b>varyab depandan</b>	faktè ki chanje akòz chanjman nan lòt varyab yo.
<b>depolymerization</b>	<b>depolimerizasyon</b>	pwosesis ki itilize chalè oswa pwodui chimik

		pou koupe yon chenn polimè an plizyè monomè.
<b>deposition</b>	<b>depozisyon</b>	chit sediman ki fèt lè yon ajan ewozyon, tankou pezantè, yon glasye, van oswa dlo pèdi enèji li epi li pa ka sipòte chay li ankò.
<b>dermis</b>	<b>dèm</b>	kouch po anba epidèm nan ki genyen veso sangen yo, nè yo, glann sebase ak glann sidoripa , epi ak lòt estrikti.
<b>desert</b>	<b>dezè</b>	byòm ki pi sèk sou latè, li resevwa mwens pase 25 santimèt lapli chak ane; li gen din oswa tè fen avèk yon ti sibstans òganik; se kote plant ak zannimo adapte pou yo siviv nan kondisyon ki ekstrèman difisil.
<b>dew point</b>	<b>pwen woze</b>	tanperati kote lè a satire epi kondansyon an fòme.
<b>diaphragm</b>	<b>dyafragm</b>	misk anba poumon yo ki kontrakte ak detann pou deplase gaz yo andedan ak deyò kò a.
<b>diatomic molecule</b>	<b>molekil dyatomik</b>	yon molekil ki fòme avèk de (2) atòm menm eleman an.
<b>dicot</b>	<b>dikotiledon</b>	anjyospèm ki gen de (2) kotiledon andedan grenn li, pati flè yo an miltip kat (4) oswa senk (5), epi feso vaskilè yo an bag.
<b>diffraction</b>	<b>difraksyon</b>	rekoubman onn yo ozalantou yon obstak; sa ka rive tou lè onn yo ap pase atravè yon ouvèti ki etwat.
<b>diffusion</b>	<b>difizyon</b>	yon kalite transpò pasif nan selil yo; transpò pasif sa a pèmèt molekil yo deplase nan zòn kote

		yo an pi gwo kantite pou yo ale nan zòn kote an kantite yo pi piti; pwopagasyon patikil yo toupatou nan yon volim pou jouk yo distribiye yon fason inifòm.
<b>digestion</b>	<b>disjesyon</b>	dekonpozisyon mekanik oswa chimik manje an ti molekil pou absòpsyon oswa itilizasyon selil yo.
<b>dike</b>	<b>filon</b>	karakterisitik wòch igne ki fòme lè magma a jwenn presyon andedan yon fant vètikal ki koupe akote kouch wòch yo epi ki vin di anba tè a.
<b>diploid</b>	<b>diploïd</b>	selil ki gen kwomozòm sanblab ki parèt an pè (pa 2).
<b>direct current (DC)</b>	<b>kouran dirè (DC)</b>	kouran elektrik ki sikile nan yon sèl direksyon.
<b>displacement</b>	<b>deplasman</b>	distans ak direksyon chanjman yon objè nan pozisyon pwen depa a.
<b>dissociation</b>	<b>disosyasyon</b>	pwosesis ki pèmèt yon konpoze iyonik separe an iyon pozitif ak negatif li yo.
<b>distance</b>	<b>distans</b>	elwayman yon objè lè l ap deplase.
<b>distillation</b>	<b>distilasyon</b>	pwosesis ki ka separe de (2) sibstans an yon melanj lè yo evapore yon likid epi rekondanse vapè likid la.
<b>DNA</b>	<b>ADN</b>	asid deyoksiribonikleyik; sibstans jenetik tout òganis; li fòme avèk de (2) ranje molekil fosfat sik tòde ak baz azòt.
<b>dominant</b>	<b>jèn dominant</b>	dekri yon karakteristik ki kouvri oswa domine yon lòt fòm trè a.

<b>doping</b>	<b>dopaj</b>	pwoseisis pou ajoute enpirite nan yon semi-kondiktè pou ogmante kondiktivite li.
<b>Doppler effect</b>	<b>efè Doplè</b>	chanjman nan wotè oswa frekans ki pwodui lè yon sous son ap deplase relativman a yon oditè.
<b>double-displacement reaction</b>	<b>reyaksyon deplasman doub</b>	reyaksyon chimik ki pwodui yon presipite, dlo oswa yon gaz lè de (2) konpoze iyonik ki nan solisyon an melanje.s
<b>down feathers</b>	<b>divè</b>	plim moun ak lejè ki pwodui yon kouch izolan akote po zwazo adilt epi ki ka kouvri kò jenn zwazo yo.
<b>drainage basin</b>	<b>basen drenaj</b>	zòn tè kote yo akimile dlo yon rivyè oswa yon wiso.
<b>ductile</b>	<b>diktil</b>	pwopriyete metal yo genyen pou ekstrè fil ladan yo.
<b>ductility</b>	<b>diktilite</b>	pwopriyete metal oswa alyaj yo genyen pou yo ekstrè fil ladan yo.
<b>dune</b>	<b>din</b>	bit ki fòm lè van soufle sou sediman yo epi sediman yo anpile dèyè yon obstak; se relyèf komen nan zòn dezè yo.